



Rapèl

Pou sitwayen ki sòti nan peyi Ayiti e peyi Zimbabwe

Delè 6 mwa ki te bay pou pèmet sitwayen ki sòti nan peyi Ayiti akpeyi Zimbabwe prezante yon demand rezidans pèmanant pou motif imanité ap fini nan dat 1^e Jen 2015. Si w soumèt yon demand aprè dat sa, wap kouri risk pou yo voye w tounen pandan tretman demand ou an.

Se nan dat 1^e desanm 2014 kote politik Sispansyon Tamporè Renvwa (STR) pou peyi Ayiti e peyi Zimbabwe te leve.

Etandone ke mezi sa te touche kèk sitwayen peyi sa yo kap viv nan Canada depi lontan epi yo te rive soude ak kilti peyi a, gouvènman Canada te mete yon politik piblik tanporè an aplikasyon pou te fasilite sitwayen sa yo jwenn mwayen pou fè residans pèmanant yo kòm sa dwa.

Aprè mezi Sispansyon Tamporè Renvwa (STR) leve, sitwayen ki déjà prezante yon demand rezidans pèmanant pou motif imanité kapab rete nan Canada pandan yo ap ekzamine demand li an. Pou yon sitwayen admisib nan politik piblik tamporè sa, demand li an dwe respekte kritè sa yo :

- Li dwe se sitwayen ki sòti nan peyi Ayiti ou nan peyi Zimbabwe;
- Li dwe te rezide o Canada nan jou Sispansyon Tamporè Renvwa (STR) te leve nan dat 1^e desanm 2014;
- Li dwe genyen yon mezi ranvwa (depòtasyon) kont li (enklyan mezi ranvwa sou kondisyon) oubyen li te benefisyé mezi espesyal pou Ayiti nan moman Sispansyon Tamporè Renvwa (STR) te leve;
- Li pa dwe janm prezante yon demand azil kite deklare iresevab devan Komisyon Imigrasyon ak Estati Refigye nan Canada;
- Li pa dwe genyen entèdiksyon pou'l rete sou teritwa Canada pou rezon sekirite, vyolasyon dwa lapèsonn ou dwa entènasyonal, kriminalite, gran kriminalite ou kriminalite òganize;
- Komisyon Imigrasyon ak Estati Refigye nan Canada pa rejete demand azil pou motif esklizyon nan sans konvansyon Nasyonzini pou Estati Refigye;
- Li pa dwe janm genyen okenn akizasyon kriminel ki pòte kont li epi retire pa Lakouwònne pou li kapab pèmet ekzekisyon yon mezi ranvwa;
- Li pa dwe genyen okenn manda pou zafè kriminel ki pako ekzekite kont li.

Tout demand pou motif imanité yo dwe rive jwenn gouvennman an pou plita nan dat 1^e jan 2015, pou sitwayen ki déjà prezante yon demand azil nan dat 1^e desanm 2014 ou yon lòt dat avan sa ou plita 6 mwa aprè yon desizyon defavorab te pran kont li pa Komisyon Imigrasyon ak Estati Refigye. Nan konteks sa, tèm « desizyon defavorab » vle di premye desizyon defavorab ki te pran pa Kominisyon an san konte rekou an apèl pou kontwòl jidisyè devan lakou federal.

Pou konnen si w admisib ak mezi sa yo ou dwe chache plis enfòmasyon konsènan dènye dat pou prezante yon demand, pa neglige konsilte sitweb Sitwayennt ak Imigrasyon Canada nan adrès sa www.cic.gc.ca

Ou byen kontakte Telesant nan nimewo sa 1-888-242-2100.

Ou kapab jwenn fòmilè pou demand rezidans pèmanant pou motif imanité sou sitweb Imigrasyon an. Ou dwe indike yon manyè klè « **Haiti-STR** » ou « **Zimbabwe –STR** » sou anvlòp ki gendemand nan.

<http://www.cic.gc.ca/francais/information/demandes/humanitaires.asp>

Pou sitwayen ki rezide nan Québec, genyen yon lòt fòmilè pou li rampli :

<http://www.immigration-quebec.gouv.qc.ca/publications/fr/dcs/A-0523-IF-dyn.pdf>

Pa blyye

Si w déjà prezante yon demand rezidans pèmanant pou koz imanité e wap tann yon desizyon, ou pa bezwen okipe w de nòt sa. Si w déjà prezante yon demand rezidans pèmanant nan peyi Canada pou youn nan lòt kategori yo ke w ap tann desizyon an, tretman demand ou an ap pouswiv; sepandan ou pap benefisyé okenn sispansyon ranvwa selon politik temporè piblik la. Si w reponn ak kritè admisiblité yo, ou kapab benefisyé repò ranvwa a, si w prezante yon demand rezidans pèmanant pou motif imanité nan dat 1^e jan 2015 ou avan sa.